



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 5 fevriye 2014

GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA DIJANS POU TOUT ETA

Entèdiksyon konplè pou tout machin anvigè pou I-84 pandan gwo tanpèt nèj la ap afekte tout rejyon yo nan eta

Eta ap renouvle apwovizyonman Sèl pou Wout yo nan zòn sid New York

Gouvènè Cuomo jodia te deklare yon eta dijans pou tout Eta New York ki antre anvigè touswit pandan tanpèt nèj la ap kontinye pote gwo nèj, glas ak lagrèl nan toulède rejyon yo nò ak sid.

“Sa a se yon tanpèt nèj enpòtan ki gen enpak sou tout rejyon yo nan eta e nap pran tout etap nesèsè yo pou kenbe Nouyòkè yo ansekirite,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen deklare yon eta dijans pou tout konte yo kidonk nou ka kontinye repons rapid ak efikas nou an nan kominote yo ki frape pi fò. Nouyòkè nan rejyon ki afekte yo pa ta dwe rete sou wout yo, verifye sou vwazen ak fanmi yo, e rete lakay yo jiskaske move moman tanpèt la fin pase.”

Komisyonè Depatman Transpòtasyon Joan McDonald te deklare, “Ekip nou an tap travay san pran souf pou netwaye wout yo ak asire ke kondisyon vwayaj ki pi ansekirite ke posib. Sou òdonans sa, pasaje yo pa ta dwe itilize otowout I-84 jiska dènye avi, pandan nap kontinye netwaye nèj ak glas sou wout yo.”

Sipè-entandan Polis Eta Joseph D’Amico te deklare, “Lapolis Eta pral kontwòle otowout 84 nan tout Eta New York nan asire ke pa gen machin sou wout la jiskaske entèdiksyon an leve. Chofè yo toupatou nan Eta ta dwe egzèsè anpil prekosyon si vwayaj ta vini absoliman nesèsè, e sèlman itilize wout ki ouvè yo.”

Anba yon eta dijans, resous enpòtan yo nòmalman limite pou itilizasyon eta e yo mobilize pou ede gouvènman lokal yo ak lwa ak règleman ki ta otreman anpeche repons rapid yo sispann. Mezi ke Eta te pran gen ladan:

Manke Sèl

Eta gen kantite sifizan sèl pou tout wout yo nan eta; toutfwal lokalite yo nan vil New York ak Long Island te rapòte yo manke. Anba eta ijans lan, Gouvènè a te òdone Depatman Transpòtasyon (DOT) ak Otorite

Haitian Creole

Thruway pou mete apwovizyonman sipli sèl nan estòk eta pou lokalite vil New York ak Long Island ki nan bezwen. Yon total de 3,500 tòn sèl sou wout la –yo te voye apeprè 130 gwo kamyon nan kominote sa yo. Eta egalman ap travay avèk founisè yo pou ogmante livrezon sèl a gouvènman lokal yo.

Pou akselere livrezon sèl yo, DOT te renonse a restriksyon federal sou lè chofè kamyon sèl yo nan fason pou pèmèt chofè kamyon yo travay otan èdtan nesèsè pou tout kantite tan ijans lan. MTA te egalman retire restriksyon sou kantite pwa sou pon yo pou pèmèt gwo pwa lou sikile nan rejyon an.

Fèmti Wout & Labouraj

Byen bonè nan maten an, Gouvènè a te òdone fèmti Interstate 84 ant fwontye Pennsylvania ak Connecticut. Entèdiksyon an ap rete anvigè jiskaske gen yon lòt avi. Nenpòt machin yo jwenn sou I-84 anvan entèdiksyon an leve ap pran kontravansyon.

Eta genyen 1,789 chari, 359 charyo ak 4,185 operatè kap travay pandan tanpèt la.

Enèji

Avèk akimilasyon glas kap apwoche mwatye yon pous nan kèk zòn, gen plis chans pou blawakout. Sèvis piblik eta te gen lòd pou aktive tout plan dijans ak pote ekipaj adisyonèl ki disponib. Con Edison gen 180 ekip adisyonèl atravè èd mityèl e PSEG-Long Island gen yon 300 ekip adisyonèl ki nan wout.

Yo te rapòte yon total 8,406 pann kouran nan eta. Yon kontwòl jeneral pann yo ak estimasyon tan pou reparasyon (ETR) nan fason sa a:

Central Hudson: 8 ETR=1:30 pm
Con Edison: 2,372 ETR= Feb 6, 11:00 am
National Grid: 5 ETR= 11:15 am
New York State Electric & Gas: 1 ETR= 10:45 am
Orange & Rockland: 0
PSEG-Long Island 6,020 ETR= 3:00 pm
Rochester Gas & Electric Corp. 0

Ayewopò yo

Ayewopò John F. Kennedy vizyèlman pa gen aktivite jiska 10:00 a.m.
Ayewopò Entènasyonal LaGuardia pa gen aktivite avyon jiska 12:00 p.m.
SWF te resevwa sèt pous nèj nan kontaj, e youn nan 12 vòl ki pwograme yo te anile.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418